

California Welcoming Task Force

Enfòmasyon sa yo se enfòmasyon jeneral sou pwosesis azil manm òganizasyon California Welcoming Task Force (CAWTF) yo bay. Enfòmasyon sa a ka chanje nan lavni, tanpri ale sou rapidresponsesd.org/cawtf pou jwenn dokiman ki pi resan yo, ansanm ak sou sitwèb ak paj rezo sosyal òganizasyon manm CAWTF yo, pami yo gen: www.immdef.org, www.alotrolado.org, <https://www.facebook.com/borderlinecrisis/>, men ka gen lòt òganizasyon ankò nou pa site la.

ENFÒMASYON SOU PWOSESIS AZIL

1ye oktòb 2022

AVÈTISMAN: Tout sèvis jiridik òganizasyon California Welcoming Task Force bay yo GRATIS. Si yon moun oswa yon gwoup moun di yo fè pati California Welcoming Task Force la epi mande lajan pou konsèy oswa sèvis jiridik, se yon fwòd, nou PA MANDE LAJAN pou konsèy jiridik oswa sèvis nou yo.

Kijan pou kontakte òganizasyon California Welcoming Task Force yo pou èd jiridik:

Immigrant Defenders Law Center:

ayuda@immdef.org

www.immdef.org

Al Otro Lado:

<https://alotrolado.org/encuesta> ****Ranpli encuesta a se pa yon aplikasyon pou azil ni sa pa vle di ou gen yon dosye ak Al Otro Lado. Y ap kontakte w sèlman si w ranpli kondisyon pou sèvis Al Otro Lado.****

www.alotrolado.org

Plis enfòmasyon sou òganizasyon sa yo:

www.responsesd.org/california-welcoming-task-force

Pwotokòl Pwoteksyon Migran (MPP)

Nan dat ki te 13 dawout 2021, yon tribinal federal nan Texas te deside administrasyon Biden nan dwe rekòmanse MPP. Administrasyon Biden nan te chèche yon kanpe nan pwogram MPP a pou l pa rekòmanse. Nan dat 30 jen 2022, Kou Siprèm lan te konfime administrasyon an gen otorite pou l mete fen ak MPP a. Administrasyon an p ap fè nouvo enskripsyon pou MPP ankò.

Antre Ozetazini pou Mande Azil

Pwosesis sou fwontyè pou moun k ap mande azil rete fèmèn. Kounye a pa gen okenn "lis datant" ofisyèl. Sèl mwayen pou antre legalman Ozetazini pou chèche azil sou fwontyè sid Etazini nan moman sa a se atravè libète sou kondisyon imanité. Libète sou kondisyon imanité chits sou kondisyon epi li disponib pou moun ki trè vilnerab medikalman. Li ra pou yo bay libète sou kondisyon imanité epi yo pa bay anpil moun li.

1ye oktòb 2022

Libète sou kondisyon imanitè

Libète sou kondisyon imanitè aplike pou moun ki gen pwoblèm medikal grav oswa ki gen ris imedyata pou sibi yon mal. Gouvènman Etazini an pa mande pou peye pou aplikasyon libète sou kondisyon imanitè nan Ladwàn ak Pwoteksyon Fwontyè. Ladwàn ak Pwoteksyon Fwontyè pran desizyon sou ki moun yo pral akòde libète sou kondisyon imanitè. Pa gen okenn peryòd fiks pou yo akòde yon demann libète sou kondisyon imanitè. Li ka pran jou, semèn, oswa menm mwa pou gouvènman Etazini an pran yon desizyon. Pa gen okenn pwosesis apèl si ta gen refi.

Kisa ki ka rive si w antre nan peyi Etazini san ou pa pase nan pò dantre ofisyèl yo

Gouvènman Etazini a kontinye itilize pandemi COVID-19 la kòm pretèks pou mete moun ak fanmi yo deyò sou fwontyè sid Etazini an san yo pa gen opòtinite pou mande azil oswa lòt pwoteksyon. Yo rele politik sa a Tit 42. Yo konteste politik sa a nan tribinal Etazini yo, men jouk jounen jodi a li toujou anvigè.

Si w eseye travèse fwontyè Etazini an, yo kapab voye ou menm ak/oswa fanmi w ale byen vit Meksik oswa mete w nan yon vòl pou tounen nan peyi kote w fèt la ou dirèk. Yo ka pèmèt kèk moun ak fanmi ki ekspriye laperèz pou yo retounen nan peyi yo fèt la oswa nan Meksik pou yo rete Ozetazini, men li pa klè ki moun yo pral pèmèt antre nan peyi Etazini pou mande azil.

Gen kèk moun oswa fanmi ki antre Ozetazini san yo pa pase nan pò dantre ofisyèl yo k ap sibi pwosesis ekspilasyon byen vit kote yo ka voye yo tounen nan peyi kote yo fèt la oswa yo ka pèmèt yo pase yon Entèvyou Krent Kredib.

Entèvyou Krent Kredib:

Konvansyon kont tòti (estanda ki wo)

Si yo te tètire w oswa si w pè tèt nan peyi w, ou dwe di ofisye fwontyè a sa klè.

o Ou pral resevwa yon entèvyou krent kredib.

o Ou dwe demontre gen yon gwo posibilite pou yo pral tètire w si ou retounen nan peyi kote w fèt la.

o Ou gen dwa pou jwenn yon entèprèt.

o Si w pa pase entèvyou a, sa pral lakòz yon ekspilasyon.

o Si w echwe entèvyou a, ou ka mande yon jij imigrasyon pou revize refi a.

Pa gen okenn règ klè sou ki moun yo pral bay entèvyou krent kredib la oswa yo pral ekspilse anba Tit 42.

- Yo pa ka depòte timoun ki pa akonpaye ki deja sou tè Etazini an anba Tit 42.

Kondisyon pou mande pou Azil Ozetazini

Ou dwe montre bagay sa yo:

Pèsekisyon: yon moun oswa yon gwoup moun te fè w mal (fizik oswa sikolojik) anvan sa OSWA pral fè sa nan lavni. Ou gen yon "posiblite rezonab" pou yo pèsekite w (omwen yon 10% chans).

Laperèz Sibjektif: Ou gen yon krent reyèl pou pèsekisyon.

California Welcoming Task Force

Laperèz Objektif: Yon moun ki sanse ki nan sityasyon w lan t ap gen krent pou pèsekisyon.

Moun k ap pèsekite a fè mal pou OMWEN youn nan rezon espesifik sa yo:

- Nasyonalite
- Ras
- Relijyon
- Opinyon politik (reyèl oswa prezime) AK/OSWA
- Fè pati yon gwoup sosyal patikilye (pa egzanp, LGBTQ/Kominote M, sèks, oswa sèten gwoup fanmi)

Mank travay, povrete, oswa kriminalite an jeneral se **PA** rezon pou azil.

Prèw pou dosye azil ou a:

Prèw se dokiman ki ka kore ka w la. Temwayaj ou sèvi kòm prèw tou. Li pa obligatwa pou w gen prèw, men li bon pou w gen nenpòt bagay ou ka jwenn ki ka elabore ak kore detay dosye w la.

Kòmmanse rasanble prèw ou pi vit posib. Ou p ap bezwen soumèt prèw ou yo jiskaske Jij Imigrasyon an di w egzakteman ki lè pou w prezante yo nan tribinal la.

Tout dokiman yo dwe tradwi nan lang anglè.

Ou dwe voye yon kopi tout dokiman ou soumèt bay yon Jij Imigrasyon bay Depatman Sekirite Enteryè.

Li enpòtan pou kenbe kopi tout dokiman ou yo ak prèw ou bay tribinal imigrasyon an.

Egzanp prèw:

- Rapò lapolis, prèw ou te rele lapolis, oswa te ale nan katye jeneral lapolis pou eseye fè yon rapò
- Rapò oswa demann pou asistans nan men òganizasyon dwa moun
- Dokiman medikal (sante fizik ak mantal)
- Batistè
- Sètifika lanmò
- Sètifika maryaj
- Dosye oswa rapò lekòl
- Dosye travay oswa souch pèman
- Atik jounal
- Pòs medya sosyal oswa videyo tankou Facebook, Twitter, WhatsApp, Instagram, elatriye.
- Kopi mesaj / konvèsasyon sou entènèt ak mesaj tèks sou WhatsApp, iMessage, Facebook Messenger, elatriye.
- Foto domaj ki fèt sou byen w, blesi fizik, ak/oswa menas ou te resevwa
- Dokiman tribinal (egzanp, plent ou te depoze nan tribinal)

Si yon moun (tankou fanmi, zanmi, vwazen, kòlèg travay, oswa lòt manm kominote a) gen enfòmasyon sou ka w la, ou ka mande yo pou yo ekri yon deklarasyon. Moun sa yo ta dwe mete nan deklarasyon yo:

- Non konplè ak nimewo telefòn
- Yon kopi (devan ak dèyè) kat idantite nasyonal yo

California Welcoming Task Force

- Ki relasyon yo genyen ak ou ak konbyen tan yo konnen w
- Sa yo konnen sou sa ki te rive w ak fanmi w
- Kijan yo konnen sa ki te pase a
- Detay sou kijan yo konnen ka w la
- Poukisa se yon danje pou ou menm oswa pou fanmi w rete nan peyi natal ou

Deklarasyon an dwe gen ladan nòt sa a nan fen an:

"Mwen deklare anba penalite fo sèman (dapre lalwa Etazini) sa ki ekri la a se verite epi li kòrèk."

Li ta dwe gen ladann tou non ak adrès moun ki te fè deklarasyon an, siyati li ak dat la.

Jouk jodi a, pa gen okenn anons ofisyèl sou relouvèti fwontyè a pou moun k ap mande azil yo. Plizyè òganizasyon nan Etazini k ap travay nan domèn lalwa te depoze yon pwosè nan tribinal federal pou konteste MPP ak fèmti fwontyè yo. Administrasyon Biden nan te deklare li pral relouvri pwosesis azil Etazini a men sa ap pran tan. Rete nan yon pò dantre Ozetazini oswa tou pre l pa bay okenn moun oswa fanmi priyorite pou jwenn aksè ak sistèm azil Etazini an.